

**PIWULANG MORAL WONTEN ING KEMPALAN CARIYOS
CEKAK SEROJA MEKAR ANGGITANIPUN SOEBAGIJO
ILHAM NOTODIDJOJO**

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

minangka Sarat kangge Nggayuh

Gelar Sarjana Pendidikan



dening

Fetiyani Yuniana Ismawarsari

NIM 12205241061

Yogyakarta, 13 April 2018

Pembimbing

Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum.

NIP 19621008 198803 2 001

Yogyakarta, 13 April 2018

Ketua Jurusan

Pendidikan Bahasa Daerah

Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.

NIP 19640403199001 1 004

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA JAWA

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2018

**PIWULANG MORAL WONTEN ING KEMPALAN CARIYOS
CEKAK SEROJA MEKAR ANGGITANIPUN SOEBAGIJO ILHAM
NOTODIDJOJO**

***MORAL TEACHINGS SHORT STORY SEROJA MEKAR BY SOEBAGIJO ILHAM
NOTODIDJOJO***

dening: fetiyani yuniana ismawarsari, jurusan pendidikan bahasa jawa universitas negeri
yogyakarta, fetiyani.yuniana94@gmail.com

Sarining Panaliten

Ancasing panaliten menika kangge: (1) ngandharaken wujud piwulang *moral* cariyos-cariyos cekak wonten ing salebeting kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar* anggitanipun Soebagijo Ilham Notodidjojo, (2) ngandharaken caranipun ngandharaken *nilai* piwulang *moral* wonten ing kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar* ingkang kaanggit dening Soebagijo Ilham Notodidjojo. Panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *deskriptif*. Asiling panaliten inggih menika *45 nilai* piwulang *moral*, antawisipun (1) 5 piwulang *moral* sesambetanipun kaliyan Gusti; (2) 14 piwulang *moral* sesambetanipun kaliyan sesami; (3) 22 piwulang *moral* sesambetanipun kaliyan lingkungan *alam*; saha (4) 4 piwulang *moral* sesambetanipun kaliyan dhiri pribadi. Cara ngandharaken piwulang *moral* wonten kalih, antwisipun: (1) cara *langsung* (wonten 36), saha (2) cara boten *langsung* (wonten 9).

Pamijining tembung: piwulang *moral*, kempalan cariyos cekak, *Seroja Mekar*

Abstract

The aims of research were to: (1) explain the description of the moral doctrines of short stories in the short story collection of Seroja Mekar by Soebagijo Ilham Notodidjojo, (2) explain the description the moral values in the collection of short stories Seroja Mekar by Soebagijo Ilham Notodidjojo. The study uses descriptive research methods. The results were moral values of the study is 45 values of moral teaching, including (1) 5 moral teaching relationship with the Lord; (2) 14 moral teaching relationships with others; (3) 22 doctrinal relationships with the environment; (4) 4 moral teaching relationships with personal affairs. Methods of telling moral doctrine were two, include: (1) 36 direct, and (2) 9 indirect ways.

Keywords: moral teaching, short story collection, Seroja Mekar

PURWAKA

Panaliten menika naliti kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar* anggitanipun Soebagijo Ilham Notodidjojo kanthi ngandharaken piwulang *moral*-ipun. Soebagijo Ilham Notodidjojo menika *sastrawan* ingkang *aktif* ing jaman Jepang dumugi jaman kamardikan (Djojasantosa, 1990: 90). Wondene *Seroja Mekar* menika gunggungipun wonten pitu cariyos cekak saha wonten tiga likur geguritan. Ingkang dipuntliti inggih menika 7 kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar*.

Cariyos-cariyos cekak *Seroja Mekar* menika irah-irahanipun antawisipun: (1) *Mas Tiron*, (2) *Katresnan Cawang Loro*, (3) *S.S.S.*, (4) *Nyuwun Pamit Kyai*, (5) *Layang Loro*, (6) *Ing Sacedhake Prayitno*, saha (7) *Tukang Jaga ing Tepining Samodra*. Cariyos-cariyos cekak kasebut ngewrat maneka warni piwulang *moral* menapa dene piwulang sanesipun, satemah saged narik kawigatosanipun panaliti kanthi ndadosaken cariyos-cariyos cekak wonten ing kempalan cerkak saha geguritan *Seroja Mekar* minangka *objek* wonten ing panaliten menika.

Piwulang *moral* miturut Nurgiyantoro (2005: 265) maneka warni piwulang ing salebeting cariyos-cariyos cekak menika antawisipun:

- (1) piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan Gusti,
- (2) piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan sesami,
- (3) piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan lingkungan alam,
- (4) piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan dhiri pribadi.

Panaliten menika gadhah ancas inggih menika ngandharaken wujud *nilai* piwulang *moral* cariyos-cariyos cekak wonten ing salebeting kempalan cariyos-cariyos cekak *Seroja Mekar* ingkang kaanggit dening Soebagijo Ilham Notodidjojo. Ancas salajengipun inggih menika ngandharaken *nilai* piwulang *moral* ing kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar* ingkang kaanggit dening Soebagijo Ilham Notodidjojo.

Piwulang-piwulang *moral* ingkang kawrat ing cariyos-cariyos cekak menika saged dipundadosaken cepengan inggih menika kanthi dipuncakaken wonten ing pagesangan. Pramila prelu dipunwontenaken panaliten kanthi *objek* cariyos cekak

wonten ing salebeting kempalan cerkak *Seroja Mekar* menika.

GEGARAN TEORI

Sastra minangka asil *cipta, rasa*, saha *karsa* boten ical saking pagesangan ing masarakat ing saben dintenipun. Miturut Agni (2009: 5), *sastra* menika tembung *serapan* saking basa Sanskerta “*sāstra*” ingkang tegesipun “*sas*” saha “*tra*”, “*sas*” tegesipun aturan, piwulang, *nasehat*, “*tra*” tegesipun piranti. Saking tembung menika *sastra* tegesipun piranti kangge mulang. Tuladhanipun kangge piwulangan ing bab *moral*.

Miturut Sayuti (2000: 9) cariyos cekak menika maosipun saged rampung salenggahan, saha cariyosipun radi saged miyosaken daya tartamtu ing dhiri pamaos. Poe (ing Suryanto, 2012: 46) gadhah pamanggih bilih cariyos cekak punika cariyos ingkang wujudipun gancaran saha cekak. Ukuran cekak punika *rekatif*. Nanging Poe nedahaken bilih ukuran cekak punika rampung dipunwaos salenggahan, kinten-kinten setunggal jam. Lubis (1994: 151) ngendika bilih cariyos cekak punika nyariosaken samukawis ingkang wigatos mawon, kangge ngandharaken

pengalaman jiwa saha kadadosan ingkang jumangkah.

KBBI lumantar Nurgiyantoro (2012: 320) ngandharaken bilih *moral* menika piwulang ngengingi sae botenipun ingkang dipuntampi kanthi umum inggih menika solah bawa, *kewajiban, akhlak, budi pekerti*, saha *susila*. *Moral* ing karya *sastra* menika nggambaraken *pandangan* gesangipun penganggit. *Pandangan*-ipun ngengingi *nilai-nilai kebenaran* ingkang dipunandharaken dhateng pamaos.

Jinising piwulang *moral* miturut Nurgiyantoro (2005: 265) kaperang dados sekawan sesambetan, inggih menika.

1. Sesambetanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak.
2. Sesambetanipun manungsa kaliyan manungsa.
3. Sesambetanipun manungsa kaliyan lingkungan *alam*.
4. Sesambetanipun manungsa kaliyan Gusti.

Cara ngandharaken piwulang *moral* wonten kalih, cara *langsung* saha cara boten *langsung*. Budianta (2008: 8) ngandharaken bilih cara *langsung* menika *nilai* utawi *makna* wonten ing *teks karya sastra langsung*

dipunsebutaken (tersurat). Nurgiyantoro ngandharaken bilih wonten ing cara *langsung*, *nilai-nilai moral* dipunwulangaken dhumateng pamaos kanthi cara *langsung* lan *eksplisit*. Pangripta kanthi cara *langsung* maringi piwulang *moral* dhumateng pamaos kanthi wujud *deskripsi* watak tokoh, *dialog* utawi ginem tokoh, saha pesen utawi *amanat* ingkang dipunparingaken kanthi *langsung* ing cariyos.

Cara boten *langsung* miturut Budianta (2008: 8) ngandharaken bilih *nilai* utawi *makna* ingkang wonten ing *teks* kedah dipun-*tafsir*-aken piyambak dening pamaos amargi wonten ing salebeting tembung-tembung utawi *tersirat*.

CARA PANALITEN

Panaliten ingkang dipunginakaken kangge ngrembag *karya sastra* kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar* menika ngginakaken panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* dipunginakaken jumbuh kaliyan ancasing panaliten inggih menika kangge ngandharaken *nilai-nilai* piwulang *moral* ingkang wonten ing kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar*

anggitanipun Soebagijo Ilham Notodidjojo.

Panaliten *deskriptif* miturut Sudaryanto (1988: 62) inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken kanthi ngandharaken *fakta* utawi kasunyatan ingkang jumbuh kaliyan kawontenan, satemah asil andharanipun kalebet asli utawi boten dipunewah-ewahi. Dados panaliten menika ngandharaken menapa wontenipun utawi kasunyatanipun (*fakta*) kanthi boten ngewahi *data* ingkang sampun wonten ing cariyos. Ancasipun inggih menika kangge nggambaraken menapa kemawon *nilai* ing *karya sastra* menika saha kalebet ing jinis menapa *nilai* menika.

Data panaliten ingkang dipunpanggihaken inggih menika *teks* kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar* anggitanipun Soebagijo Ilham Notodidjojo. Salajengipun saking *data* menika dipunpendhet ukara-ukara ing salebeting *karya sastra* kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar*. *Data-data* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika awujud ukara-ukara saha pancelathon ingkang ngandharaken piwulang utawi *nilai* bab *moral* ing pagesangan. Panyeratan *data*-nipun menika kaserat menapa wontenipun.

Ing panaliten menika, ingkang dipunginakaken minangka sumber *data* inggih menika saking buku *karya sastra* kempalan cariyos cekak saha geguritan *Seroja Mekar*. Karya sastra kempalan cariyos cekak saha geguritan *Seroja Mekar* menika anggitanipun Soebagijo Ilham Notodidjojo terbitan warsa 1986 dening Balai Pustaka. Wujudipun karya sastra kempalan cariyos cekak saha geguritan *Seroja Mekar* menika arupi buku ingkang ukuranipun kirang langkung lebar 15 cm kaliyan panjang 21 cm.

Karya sastra kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar* menika kasusun saking 83 kaca. Karya sastra menika kasusun saking 56 kaca ingkang ngrembag 7 cariyos cekak, 25 kaca arupi kempalan geguritan, saha setunggal cathetan. Irah-irahan cariyos cekak menika wonten 7, antawisipun: (1) *Mas Tiron*, (2) *Katresnan Cawang Loro*, (3) *S.S.S.*, (4) *Nyuwun Pamit Kyai*, (5) *Layang Loro*, (6) *Ing Sacedhake Prayitno*, saha (7) *Tukang Jaga ing Tepining Samodra*. Buku menika ugi kasusun saking 23 geguritan, ing antawisipun: (1) *Kasampurnaning Dhiri*, (2) *Jinantra Donya*, (3) *Biyungku*, (4) *Ilat*, (5) *Ginawe Pribadi?*, (6) *Tepa*

Palupi, (7) *Erahing Kagunan*, (8) *Rerengganing Ngaurip*, (9) *Kekasihku*, (10) *Gegambaran*, (11) *Siji Kuwi*, (12) *Melathiku*, (13) ... *Mung Aku*, (14) *Mitra*, (15) *Pepeteng*, (16) *Abdining Gusti*, (17) *Kewran*, (18) *Cahya Sumunar*, (19) *Poma Dipoma*, (20) *Padhang Rembulan*, (21) *Gelenging Tekad*, (22) *Miskin*, saha (23) *Gegambaran lan Kanyatan*. Sumber-ing *data* ing panaliten menika dipunwatesi wonten ing cariyos cekak salebeting kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar* ingkang gunggungipun wonten 7.

Buku menika kaserat mawi basa Jawa ngoko ingkang kacampur basa Jawa krama. *Karya sastra* menika awujud kempalan cariyos cekak warni-warni ingkang saged dados *inspirasi* kangge sinten kemawon ingkang maos. *Karya sastra* menika nggambaraken lelampahaning pagesangan mawi tuladha-tuladha maneka warni prakawis.

Saderengipun ngempalaken *data* ingkang badhe dipunanalisis, langkung rumiyin panaliti maos *Kempalan Cariyos Cekak Seroja Mekar* ingkang kaanggit dening Soebagijo Ilham Notodidjojo. Cariyos cekak dipunwaos kanthi makaping-kaping saha setiti supados saged paham wosing cariyos.

Salajengipun, cara ngempalaken *data* ing panaliten menika inggih menika nemtokaken *unit analisis* ingkang dipunlajengaken kaliyan panyeratan *data*.

Caranipun ngempalaken *data* ingkang sepisan inggih menika nemtokaken *unit analisis*. *Sumber data* dipunwaos saha dipunpilah gayut kaliyan *konteks* panaliten. *Unit-unit data* awujud tembung, *frasa*, *klausa*, ukara, saha *paragraf*. *Unit data* dipunpilah ingkang dipunbarengi panyeratan kangge milah bagian saking cariyos ingkang gadhah gayutanipun kaliyan *konteks* panaliten, inggih menika *nilai-nilai* piwulang *moral*.

Caranipun ngempalaken *data* ingkang kaping kalih inggih menika panyeratan *data*. *Data-data* ingkang wonten gayutanipun kaliyan ancasing panaliten dipunserat wonten ing kartu *data* ingkang sampun dipunsiapaken. *Data* ingkang dipunserat arupi tembung, *frasa*, *klausa*, ukara, utawi *paragraf*. Tahap menika wonten ginanipun kangge ndamel gampil ing pameranging *data* utawi *reduksi data*.

Caranipun ngempalaken *data* ingkang kaping tiga inggih menika *reduksi data*. *Data* ingkang

dipunkempalaken saha dipunserat, salajengipun dipunperang satemah saged trep kaliyan *tema* ingkang dipunpadosi, inggih menika *nilai-nilai* piwulang *moral*. *Data* ingkang boten jumbuh kaliyan ancasing panaliten dipunicalaken satemah angsal *data* panaliten ingkang tetep. *Data* ingkang dipunpilah kasebut dipunperang miturut jinisipun, lajeng dipunlebetaken wonten ing *tabel*.

Pirantining panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika awujud kertu *data*. Kertu kasebut dipunginakaken kangge nyerat *data-data* ingkang ngawrat *nilai-nilai* piwulang *moral* ingkang wonten ing buku *Seroja Mekar*. Tuladha kertu *data* ingkang dipunginakaken wonten ing ngandhap menika.

Tabel 1: Wujud kertu *data*

No	Ukara	Butir-butir Nilai	Kaca	Katrangan	
				L	BL

Katrangan:

L : *Langsung*

BL : Boten *Langsung*

Saderengipun dipunanalisis, *data* langkung rumiyin dipunsegahaken kanthi wujud *tabel*. *Tabel* ingkang

dipunginakaken ing panaliten menika inggih menika.

Tabel 2: Wujud tabel *nilai* piwulang *moral* saha cara ngandharaken piwulang *moral*

No	Jinising <i>Nilai</i> Piwulang <i>Moral</i>	Butir - butir <i>Nilai</i>	Kaca	Katran gan	
				L	BL

Metode ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih menika metode *deskriptif*. Metode *deskriptif* dipunginakaken amargi *data-data* wonten ing panaliten menika wujudipun *paragraf-paragraf* wonten ing cariyos. Analisis wonten ing panaliten menika dipunlampahi kanthi cara *deskriptif*. *Data* ingkang awujud kedadosan ingkang ngawrat piwulang *moral* dipunperang dados sambetipun manungsa dhumateng Gusti Inkang Maha Kuwaos, sambetipun manungsa kaliyan sesami, sambetipun manungsa kaliyan lingkungan *alam*, sambetipun manungsa kaliyan dhiri pribadi. Saking asil menika, lajeng dipunandharaken. Wonten ing panaliten menika ugi dipunginakaken *deskriptif interpretatif*.

Data ingkang sampun kempal dados setunggal, dipunanalisis kanthi damel *deskripsi-nipun*, ugi damel *interpretasi-nipun* bab piwulang *moral* ingkang wonten ing kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar*.

Caranipun ngesahaken data inggih menika nggange *validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih menika *validitas semantik*. *Validitas semantik* inggih menika ngukur *tingkatan kesensitifan* teges *simbolik* ingkang wonten gayutanipun kaliyan *konteks-ipun* (Endraswara, 2011:164). *Reliabilitas* ing panaliten menika migunakaken *reliabilitas intrarater* saha *interater*. *Reliabilitas intrarater* inggih menika kanthi cara maos saha mahami *data* panaliten kanthi taliti saha makaping-kaping. *Reliabilitas intrarater* ugi mawi *diskusi* lan nyuwun priksa ing dosen pembimbing panaliten. *Reliabilitas interater* inggih menika kanthi cara pados tiyang sanes ingkang maringi tetimbangan tumrap panaliten. Tetimbanganipun ingkang karembag arupi piwulang *moral*.

ASILING PIREMBAGAN SAHA PANGREMBAGIPUN

Pirembagan wujud piwulang *moral* wonten ing panaliten menika dipunperang dados 4: (a) *nilai-nilai* piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan Gusti Inggang Maha Kuwaos, (b) *nilai-nilai* piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan sesami, (c) *nilai-nilai* piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan lingkungan *alam*, (d) *nilai-nilai* piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan dhiri pribadi.

Nilai-nilai piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan Gusti Inggang Maha Kuwaos, antawisipun.

1. Sesambetanipun manungsa dhumateng Gusti kanthi pepesthen (takdir),

Wus dadi kersane Sing Kuwasa, bareng let rong sasi karo lelakon kasebut ing dhuwur, anake Mas Tanda ndadak lara nemen. (Notodidjojo, 1986: 18).

Adhedhasar cuplikan ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih sedaya ingkang nemtokaken menika Gusti Inggang Maha Kuwaos, kados ta putranipun Mas Tanda ndadak sakit nemen.

2. Ngonjukaken puji sokur.

Adhuh. Mungguhing wong lega, ora ana kaya yen wus marem atine, **keturutan apa sing dadi panuwune**. (Notodidjojo, 1986: 24).

Adhedhasar cuplikan ing nginggil, dudutanipun inggih menika manungsa sampun marem penggalhipun nalika keturutan menapa ingkang dados panuwunipun.

Nilai-nilai piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan sesami.

1. Sabar, nenangaken ingkang garwa nalika kagungan masalah (prakawis).

Begjane Mas Nganten Tanda, **duwe bojo sabare**, sing menenge kaya Mas Guru Tanda. (Notodidjojo, 1986: 16).

Adhedhasar cuplikan ing nginggil, dudutanipun bilih begja sanget menawi kagungan garwa ingkang sabar, saged nenangaken garwanipun.

2. Tanggel jawab, ngicalaken peniti barang ampilang lajeng dipunkonduraken dipunijoli barang enggal.

Andadekake ayeming atine Mas Nganten Tanda, dene Den Ayu Behirder nalika nampani peniti mau katon ora owah ulate, mretandhani yen ora priksa yen **peniti sing saiki kuwi wus beda karo kagugane sing biyen**. (Notodidjojo, 1986: 18).

Adhedhasar andharan ing inggil saged dipunmangretosi bilih Mas Nganten Tanda ayem penggalhipun saged ngonduraken peniti ingkang ical, dipunlintu peniti ingkang enggal, tanpa dipunmangretosi dening Den Ayu Behirder.

Nilai-nilai piwulang moral sambetipun manungsa kaliyan lingkungan *alam*, antawisipun.

1. Mbela nagari.

Wus pirang taun anggonku kepengin dadi guru. Aku kepengin nyithak jiwane bangsaku supaya ing tembe bisaa dadi dandanan kang edi peni. (Notodidjojo, 1986: 23).

Adhedhasar cuplikan ing nginggil dipunmangretosi bilih Martono sampun dangu anggenipun kepengin dados guru. Kanthi dados guru, Martono gadhah pangajab supados saged bekti dhateng nagari. Nagari ing tembe saged dados dandanan ingkang edi peni.

S.S.S. makaten nggadahi teges: Samekta, Siyaga, Sumadiya. Samekta dados warganing bebrayan ingkang maedahi. Siyaga asung lelabetan dhateng tanah wutah rahipun. Sumadiya suka sesuluh dhateng bangsanipun ingkang taksih mbetahaken pepadhang. (Notodidjojo, 1986: 31).

Piwulang moral mbela nagari miturut cuplikan nginggil inggih menika kanthi S.S.S. S ingkang sepisan inggih menika samekta dados warga ingkang maedahi dhateng sesame. S ingkang kaping kalih inggih menika siyaga tegesipun inggih menika siyaga lelabuhan dhateng nagari. S ingkang kaping tiga inggih menika sumadiya tegesipun inggih menika sumadiya suka suluh dhateng bangsa ingkang mbetahaken pepadhang.

Nilai-nilai piwulang moral sambetipun manungsa kaliyan dhiri pribadi.

1. Ngugemi sipating wanita wetanan.

Ngandikane: sanajan Pratiwi bocah sing sinaune dhuwur, kawruhe akeh, **nanging isih tetep nglungguhi papan panggonane, lire isih ngugemi anggone dadi wanita Wetanan.** Tandang-tanduke tansah rereh-ruruh, ulate jinem jatmika, solah bawane alus, ora briga-brigi, nanging cukat trengginas. (Notodidjojo, 1986: 25)

Adhedhasar andharan ing nginggil saged dipunmangretosi bilih sanajan Pratiwi menika sekolahipun inggil, kawruhipun kathah, nanging taksih tetep nglenggahi papan panggenanipun inggih menika ngugemi anggenipu dados wanita wetanan.

Tandang tandukipun tansah rereh0ruruh, ulatipun jinem jatmika, solah bawanipun alus.

2. *Cita-cita* utawi gegayuhan nalika taksih anem.

Sunarimah yen dipuntakeni, benjing kepengin dados punapa, boten saged mangsuli, namung mlenggeh kemawon. Dene Sri Lestari ancasipun badhe napak tilas ramanipun, dados juru rawat. Siti Pangestuti beda malih idham-idhamanipun. Piyambakipun kepengin dados guru. (Notodidjojo, 1986: 30).

Adhedhasar andharan ing nginggil saged dipunmangretosi bilih Sunarimah menawi dipuntakeni babagan gegayuhanipun, boten saged mangsuli. Sri Lestari menawi di[untakeni babagan gegayuhanipun kepengin dados juru rawat. Dene Siti Pangestuti menawi dipuntakeni babagan gegayuhanipun piyambakipun kepengin dados guru.

Caranipun ngandharaken *nilai* piwulang *moral*, antawisipun kanthi cara *langsung* saha cara boten *langsung*. Kanthi cara *langsung*, inggih menika kepengin ngabdi dhateng nusa bangsa kanthi cara dados guru.

Wus pirang taun anggonku kepengin dadi guru. Aku kepengin nyithak jiwane bangsaku supaya ing tembe bisaa

dadi dandanan kang edi peni. (Notodidjojo, 1986: 23).

Cara ngandharaken piwulang *moral* wonten ing pethikan ing inggil ingkang wonten sambetipun manungsa kaliyan sesami menika kalebet cara langsung. Bab menika amargi *nilai* piwulang ingkang wonten ing pethikan ingkang awujud pesen utawi amanat saking panganggit menika dipunparingaken kanthi cara langsung utawi *eksplisit*, satemah langsung saged dipunmangretosi dening pamaos *nilai* piwulangipun.

Kanthi cara boten *langsung*, inggih menika njagi anggenipun memitran mawi layang utawi serat.

Sawuse rong taun ora nate kabar-kinabar, dumarojog tanpa larapan, layangmu teka. Kathik nggawa kabar gumbira pisan, yakuwi: Kowe lan Dhik Warsi sadhela engkas bakal dadi Bapak lan Ibu. (Notodidjojo, 1986: 39).

Cara ngandharaken piwulang *moral* wonten ing pethikan ing inggil ingkang wonten sambetipun manungsa kaliyan sesami menika kalebet cara boten langsung. Bab menika amargi *nilai* piwulang ingkang wonten ing pethikan ingkang awujud pesen utawi amanat

saking pethikan ing inggil ingkang awujud *narasi* menika pamaos mbetahaken *pemahaman* kangge mendhet dudutan bab *nilai* piwulang tartamtu (*nilai* piwulang *moral* boten dipunandharaken kanthi langsung dening panganggit utawi *implisit*).

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaganipun ingkang sampun kalampahan, mila saged dipunpendhet dudutan. Dudutanipun kados andharan ing ngandhap menika. Sasampunipun panaliti nglampahi panaliten dhumateng kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar* ingkang kaanggit dening Soebagijo Ilham Notodidjojo dipunpangguhaken 45 *nilai* piwulang *moral*. *Nilai-nilai* piwulang *moral* sambetipun manungsa dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos wonten 5, sambetipun manungsa kaliyan sesami wonten 14, sambetipun manungsa kaliyan lingkungan *alam* wonten 22, saha sambetipun manungsa kaliyan dhiri pribadi wonten 4.

Nilai-nilai piwulang *moral* sambetipun manungsa dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos. *Nilai-nilai*

menika antawisipun sambetipun manungsa dhumateng Gusti utawi *takdir* (wonten 1), ngonjukaken puji sokur (wonten 1), kurban jiwa raga nglabuhi Agami Islam (wonten 3).

Nilai-nilai piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan sesami. *Nilai-nilai* menika antawisipun umuk dhemen pameran (wonten 1), sabar kanthi nenangaken ingkang garwa nalika kagungan masalah utawi prakawis (wonten 2), tanggel jawab anggenipun ngicalaken peniti barang ampilan lajeng dipunijoli barang enggal (wonten 1), ngakeni kalepatanipun bilih ngonduraken peniti ingkang boten aslinipun (wonten 1), kepingin ngabdi dhateng nusa bangsa kanthi cara dados guru (wonten 1), bekti dhumateng tiyang sepuh (wonten 1), ngajeni tiyang sanes (wonten 1), kekancan antawisipun lare estri tiga (wonten 1), prasetyaning lare tiga ingkang memitran (wonten 1), dados duta utawi utusan ingkang dipunpitadosi dening Kyai Idris (wonten 1), njagi anggenipun memitran mawi layang utawi serat (wonten 1), asih dhateng sesami (wonten 1), tansah setya tuhu (wonten 1).

Nilai-nilai piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan

lingkungan *alam*. *Nilai-nilai* menika antawisipun emut dhateng tanah air (wonten 1), njunjung drajating bangsa (wonten 1), mbela nagari (wonten 19), tresna dhateng tanah wutah gethipun (wonten 1).

Nilai-nilai piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan dhiri pribadi. *Nilai-nilai* menika antawisipun blaka suta bilih peniti ingkang dipunampil menika peniti saking mas tiron utawi mas *imitasi* (wonten 1), ngugemi sipating wanita wetanan (wonten 1), *cita-cita* utawi gegayuhan nalika taksih anem (wonten 1), matur blaka (wonten 1).

Cara ngandharaken piwulang *moral* wonten kalih, inggih menika cara *langsung* kaliyan cara boten *langsung*. Cara *langsung* antawisipun umuk dhemen pameran (wonten 1), sabar kanthi nenangaken ingkang garwa nalika kagungan masalah utawi prakawis (wonten 1), sesambetanipun manungsa dhumateng Gusti utawi *takdir* (wonten 1), ngakeni kalepatanipun bilih ngonduraken peniti ingkang boten aslinipun (wonten 1), blaka suta bilih peniti ingkang dipunampil menika peniti saking mas tiron utawi mas *imitasi* (wonten 1), mbela nigari (wonten 15),

kepingin ngabdi dhateng nusa bangsa kanthi cara dados guru (wonten 1), emut dhateng *tanah air* (wonten 1), emut dhateng Gusti Inggang Maha Kuwaos (wonten 1), ngugemi sipating wanita wetanan (wonten 1), njunjung drajating bangsa (wonten 1), bekti dhumateng tiyang sepuh (wonten 1), ngajeni tiyang sanes (wonten 1), kekancan antawisipun lare estri tiga (wonten 1), prasetyaning lare tiga ingkang memitran (wonten 1), *cita-cita* utawi gegayuhan nalika taksih anem (wonten 1), dados duta utawi utusan ingkang dipunpitadosi dening Kyai Idris (wonten 1), kurban jiwa raga nglabuhi Agami Islam (wonten 3), asih dhateng sesami (wonten 1), matur blaka (wonten 1).

Cara boten *langsung* antawisipun nenangaken ingkang garwa nalika kagungan masalah utawi prakawis (wonten 1), tanggel jawab sanadyan ngicalaken peniti barang ampilan lajeng dipunkonduraken dipunijoli barang enggal (wonten 1), ngonjukaken puji sokur (wonten 1), njagi anggenipun memitran mawi layang utawi serat (wonten 1), tansah setya tuhu (wonten 1), mbela nagari (wonten 3), tresna dhateng tanah wutah gethipun (wonten 1).

Implikasi

Panaliten menika ngrembag lelampahan-lelampahan ingkang ngandharaken piwulang *moral* ing kempalan cariyos cekak *Seroja Mekar* anggitanipun Soebagijo Ilham Notodidjojo. Panaliten menika kaajab saged murakabi tumrap pamaos sarana kangge paring tuladha anggenipun lelampahan ingkang sae ing pagesangan. Dhateng para pengajar, asil saking panaliten menika mugu-mugu saged dados titikanipun, anggenipun mulangaken ngengingi piwulang *moral*.

Pamrayogi

Kempalan cariyos cekak menika sarana ingkang sae kangge piwulangan *moral*. Mila, langkung sae menawi kempalan cariyos cekak minangka *karya sastra* dipunjagi supados tetep lestantun.

Kempalan cariyos cekak minangka sarana piwulangan *moral* langkung sae dipunparingaken dhumateng lare dening tiyang sepuh utawi dhumateng para siswa dening gurunipun kanthi ngandharaken *nilai-nilai* piwulang *moral* ingkang wonten ing kempalan cariyos cekak.

Panaliten ngengingi *nilai* piwulang *moral* menika inggih panaliten

ingkang gayut kaliyan *karya sastra*. Awit saking menika, saged dipunlampahi panaliten tumrap jining *karya sastra* sanesipun, kadosta cariyos cekak sanesipun, cariyos sambung, novel, saha sapanunggalanipun.

KAPUSTAKAN

1) Naskah

Notodidjojo, Soebagijo Ilham. 1986. *Seroja Mekar*. Jakarta: Balai Pustaka.

2) Pustaka

Agni, Binar. 2009. *Sastra Indonesia Lengkap*. Jakarta: Hi-Fest Publishing.

Budianta, Melani, dkk. 2008. *Membaca Sastra*. Magelang: Indonesiatera.

Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: CAPS.

Lubis, Hamid Hasan. 1994. *Glosarium Bahasa Indonesia*. Bandung: Angkasa.

Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Sastra Anak Pengantar Pemahaman Dunia Anak*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

_____. 2012. *Teori Pengkajian Fiksasi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

14 Piwulang Moral wonten.... (Fetiyani Yuniana Ismawarsari) Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.

Sayuti, Suminto A. 2000. *Berkenalan dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media.

Suryanto, Edi. 2012. *Perilaku Tokoh dalam Cerpen Indonesia*. Bandar Lampung: Universitas Lampung.

Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.